

Charite pa janm peri

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Olye nou youn jije ak kritike lòt, se pou nou chak gen amou pi Kris la pwochen nou yo k ap vwayaje nan vwayaj sa a atravè lavi a.

Nanm nou rejwi aswè a epi m nou atenn syèl la. Nou tande bèl mizik ak mesaj enspire. Lespri Senyè a la a. Mwen priye pou enspirasyon li kapab avèk mwen pandan m ap pataje avèk nou kèk nan panse mwen ak santiman mwen.

M ap kòmanse avèk yon ti istwa ki ilistre yon pwem m ta renmen pale.

Yon jèn koup, Lisa ak John, te demenaje al nan yon nouvo katye. Yon jou maten pandan yo t ap pran dejene, Lisa te gade nan fenèt la epi l te wè vwazin sou kote l la k ap tann rad li te sot lave.

Lisa te di: “Rad sa yo pa pwòp! Vwazin nou an pa konn kijan pou fè rad pwòp!”

John te gade men li te rete an silans.

Chak fwa vwazin t ap tann rad li te lave pou yo te seche, Lisa te fè menm kòmantè a.

Kèk semèn apre, Lisa te etone lè l te gade nan fenèt la epi l te wè bèl rad pwòp tann nan lakou vwazin nan. Li te di mari li: “Gade John---li finalman aprann kijan pou fè lesiv kòrèkteman! M ap mande m kijan l te fè sa?”

John te reponn: “Bon, machè, m gen repons la pou ou. M panse w ap kontan aprann ke m te leve bonè maten an pou m te lave vit fenèt yo!”

Aswè a, m ta renmen pataje avèk nou kèk panse konsènan fason nou chak wè lòt. Èske n ap gade atravè yon fenèt ki bezwen pwòpte? Èske nou fè jijman lè nou pa konn tout istwa a? Kisa nou wè lè n ap gade lòt moun? Ki jijman nou fè sou yo?

Sovè a te di: “Pa jije.”¹ Li kontinye: “Poukisa w ap gade ti pay ki nan je frè ou, epi ou pa wè gwo bout bwa ki nan je pa w la?”² Oubyen, pou m entèprete l, poukisa w ap gade sa ou panse ki se rad sal kay vwazin ou an men ou pa panse ak vit fenèt sal la nan pwòp lakay ou a?

Okenn nan nou pa pafè. Mwen pa konn okenn moun ki ka deklare ke yo pafè. Men, pou yon rezon, malgre pwòp enpèfeksyon pa nou, nou gen tandans wè enpèfeksyon pa lòt moun. Nou fè jijman konsènan aksyon yo ak sa yo pa fè.

Pa reyèlman gen mwayen pou nou konnen kè, entansyon, oswa sikonstans yon moun ki ta di oswa fè yon bagay nou jwenn rezon pou n kritike. Konsa, suiv kòmandman “pa jija” a.³

Konferans jeneral sa a fè karannsetan, yo te aple m nan Kolè Douz Apot yo. Nan moman an, m t ap sèvi nan youn nan komite jeneral Prètriz yo nan Legliz la epi konsa, anvan yo te prezante non mwen, m te chita avèk lòt manm komite Prètriz sa a, jan yo te atann nan men m nan. Men, madanm mwen, pa t gen okenn ide sou kote pou l t ale ak okenn moun pou te chita avèk li e, anfèt, li pa t kapab jwenn yon plas nan Tabènak la. Yon bon zanmi nou, ki sete yon manm youn nan komite jeneral oksilyè yo epi ki te chita nan plas yo te prepare pou manm komite yo, te mande Sè Monson pou l te vin chita avèk li. Zanmi sa a pa t konn anyen sou apèl mwen an---ki ta pral anonse tousuit apre--- men li te wè Sè Monson, li te wè anksyete li epi jantiman li te ofri l yon chèz pou l chita. Chè madanm mwen te soulaje ak rekonesan pou bèl jès sa a. Sepandan, lè l te chita, li te tande gwo chichotman dèyè do li pandan ke youn nan manm direksyon komite a te eksprime mekontantman li bay moun ki te bò kote l yo dèske youn nan manm komite a te gen odas pou envite yon “moun deyò” vin chita nan zòn sa a ki rezève sèlman pou yo a. Pa t gen okenn ekskiz pou konpòtman pa janti l la, kèlkeswa moun yo ta envite pou vin chita kote sa a. Sepandan, m ka sèlman imajine kijan fi sa a dwe te santi l lè l te aprann ke “moun deyò a” sete madanm nouvo Apot yo te fèk aple a.

Non sèlman nou gen tandans jije aksyon ak pawòl lòt moun, men anpil nan nou jije aparans tou---rad, kwafi, gwosè, lis la ka kontinye nèt ale.

Sa gen kèk ane, yo te pibliye yon bèl resi konsènan jije sou aparans nan yon magazine nasyonal. Se yon resi ki vrè---ke siman nou konn tande men ki vo lapèn pou n repete li.

Yon fi ki te rele Mary Bartels te gen yon kay dirèkteman anfas ri antre yon klinik lopital. Fanmi li t ap viv nan premye etaj la epi yo te lwe kèk malad klinik la chanm anwo yo.

Yon jou swa yon granmoun gason reyèlman epouvantab te frape nan pòt la ap mande si l te ka jwenn yon chanm pou l te pase nuit la. Li te koube epi l t ap tranble, epi figi li te defòme tèlman l te anfle---li te tou wouj. Li te di ke l t ap chèche yon chanm depi amidí men li pa t ka jwenn. Li te di: “M panse se poutèt figi mwen. M konnen m parèt terib, men doktè m nan di sa ka amelyore avèk plis tretman.” Li te di ke l t ap satisfè si l te ka dòmi sou dodin nan devan pòt la. Pandan l t ap pale avèk li, Mary te reyalize ke tigranmoun gason sa a te gen yon gwo kè ki te limite pa ti kò piti sa a. Malgre ke tout chanm yo te okipe, li te di l pou l tann sou chèz la pou l ka al chèche yon kote pou li pou l dòmi.

Lè yo ta pral dòmi, mari Mary a te ranje yon tikabann pou mesye a. Lè l t al gade nan chanm nan demen maten, dra sou kabann nan te byen pliye epi li te deyò sou galri a. Li te refize dejene, men jis anvan l te deplase pou al pran bis li, li te mande si l te ka retounen pwòchèn fwa l te gen pou vin pou tretman. Li te pwomèt: “M pap deranje nou ditou. M ka dòmi trè byen sou yon chèz.” Mary te asire l ke l te mèt retounen ankò.

Pandan plizyè ane li te vini pou tretman yo epi l te rete lakay Mary, tigranmoun nan, ki sete yon pechè pwason, te toujou pote pwason oswa legim soti nan jaden li pou yo. Pafwa li te konn voye pake pa lapòs.

Lè Mary te konn resevwa kado janti sa yo, li te souvan panse ak yon kòmantè vwazin bò kote l la te fè apre granmoun bosi, defigire a te fin ale kite kay Mary premye jou maten sa a. “Èske ou te aksepte granmoun lèd sa a yèswa? M te voye l ale. Ou ka pèdi kliyan si w app ran kalite moun sa yo.”

Mary te konnen ke petèt yo *te* pèdi kliyan yon fwa oswa defwa, men li te panse: “*O, si sèlman yo te ka konnen li, petèt maladi yo a ta pi fasil pou yo pote.*”

Lè mesye a te mouri, Mary t al vizite yon zanmi ki te gen yon kay plantasyon flè. Pandan l t ap gade flè yo kay zanmi l lan, li te remake yon bèl flè chrysanthem jòn men li te etone pou wè ke l t ap pouse nan yon vye bokit tou kraze. Zanmi l lan te eksplike: “M pa t gen ase po, e konesan kijan fè sa t ap vin bèl, m te panse ke sa pa t ap fè anyen si m te kòmanse l nan vye bokit sa a. Se jis pou yon ti moman, jiskaske m ka mete l plante nan jaden an.”

Mary te souri pandan l t ap imajine yon sèn konsa nan syèl la “Men youn espesyalman bèl” Bondye dwe te di lè l te rive sou nanm tigranmoun nan. “Li pa p gen pwoblèm pou derape nan ti kò defòm sa a.” Men sete lontan desa, epi nan jaden Bondye a ala wo bèl nanm sa a dwe te wo!³

Aparans ka si desevan, yon move mezi pou yon moun. Sovè a te konseye: “Pa jije sou aparans.”⁴

Yon manm yon òganizasyon fi t ap plenyen yon fwa kote yo te chwazi yon fi pou reprezante òganizasyon an. Li pa t janm rankontre fi a, men li te konn wè foto li epi li pa t renmen sa l te wè a, li te konsidere ke l te twò gwo. Li te di: “Nan mitan tout milye fi yo ki nan òganizasyon sa a, siman yo ta ka chwazi yon pi bon reprezantan.”

Se vre, fi a yo te chwazi a pa t yon “mànken”. Men moun ki te konnen li epi ki te konn kalite l yo te wè nan li plis pase sa k te reflete nan foto l la. Foto a *te* montre ke l te gen yon souri amikal ak yon figi konfyans. Sa foto a *pa t* montre sèke l sete yon zanmi lwayal ak konpatisan, yon fi plen entelijans ki te renmen Senyè a epi ki te renmen ak sèvi pitit li. Li pa t montre ke l te konn fè volontè nan kominote a epi l te yon vwazen sousye ak atansyone. Anfèt, foto a pa t reflete kiyès li te vrèman ye.

M ap mande: si atitid, aksyon, ak enklinalasyon esprityèl te reflete nan *trè fizik*, èske figi fi a ki t ap plenyen an te osi atrayan tankou pa fi l t ap kritike a?

Chè sè m yo, nou chak san parèy. Nou chak diferan ak lòt nan plizyè fason. Gen nan pami nou ki marye. Genyen ki rete lakay avèk pitit yo, pandan ke gen lòt nan nou k ap travay deyò fwaye a. Gen nan nou ki pa gen pitit nan lakay ankò. Gen nan nou ki marye men ki pa gen pitit. Gen nan nou ki divòse, ki se vèv. Anpil nan nou se adilt sèl. Gen nan nou ki gen diplòm kolèj; kèk nan nou pa genyen. Gen nan nou ki kapab bay tèt nou dènye kalite mòd la epi genyen ki gen sèlman yon bonjan rad pou mete jou Dimanch. Kalite diferans sa yo prèske san fen. Èske diferans sa yo tante nou pou youn jije lòt?

Mè Tereza, yon mè Katolik ki te travay pami pòv yo nan End pandan pifò pati lavi li, te ekspri-

verite pwofon sa a: “Si nou jije moun, nou pa gen tan pou renmen yo.”⁵ Sovè a te konseye: “Men kòmandman m ap ba nou. Se pou nou youn renmen lòt menmjan mwen renmen nou an,”⁶ M ap mande: “*Èske nou youn ka renmen lòt, jan Sovè a kòmande nou an, si nou youn nap jije lòt? E m ap reponn---*avèk Mè Teresa---“Non, nou pa kapab.”

Apot Jak te anseye: “Si yon moun kwè l ap sèvi Bondye, pou an menm tan li pa bride lang li, se tèt li l ap twonpe. Sèvi Bondye jan sa a pa vo anyen.”⁷

Mwen toujou renmen deviz Sosyete Sekou a. *Charite pa janm peri*.⁸ Kisa charite ye? Pwofèt Mowoni anseye nou ke “charite se lanmou pi Kris la”⁹ Nan dènye mesaj li te bay Lamanit yo, Mowoni te deklare: “Si nou pa gen charite, pa gen okenn fason n ap kapab sove nan wayòm Bondye a.”¹⁰

Mwen konsidere charite ---oswa “lanmou pi Kris la”---kòm opoze kritik ak jijman. An palan de charite la a, sa k nan tèt mwen se pa sa n ap bay pou pote sekou bay moun ki nan soufrans. Sa ki, natirèlman, se yon bagay ki bon ak nesesè. Sepandan, aswè a, m ap panse ak charite ki manifeste tèt li lè nou tolere lòt moun epi nou gen konpasyon pou aksyon yo; kalite charite ki padone a; kalite charite ki pasyan an.

M ap pale de charite ki pouse nou vin senpatik, plen konpasyon ak mizèrikòd la, non sèlman nan tan maladi ak afliksyon ak detrès, men nan tan feblès oswa erè kay lòt moun tou.

Gen yon gwo bezwen charite ki pote atansyon bay moun ki inyore, lespwa bay moun ki dekouraje, èd bay moun ki aflije. Vrè charite se lanmou an aksyon. Bezwen charite a toupatou.

Nou bezwen charite ki refize jwenn satisfaksyon nan koute oswa repete rapò sou malè k tonbe sou lòt moun, sof si se pou benefis moun ki nan malè a. Pwofesè ak politisyen Ameriken an, Horace Mann te di yon fwa: “Pran pitye pou detrès se yon bagay imen; soulaje li se yon bagay diven.”¹¹

Charite se gen pasyans avèk yon moun ki ba w desepsyon. Se reziste anba anvi pou w fasilman ofanse a. Se aksepte feblès ak erè. Se aksepte moun jan yo reyèlman ye. Se gade odela aparans fizik pou wè kalite ki pap diminye avèk letan. Se reziste anba anvi pou klase lòt moun nan yon kategori a.

Charite, amou pi Kris la, manifeste lè yon gwoup jènfi ki soti nan yon pawas adilt sèl vwayaje dè santèn kilomèt pou ale nan antèman manman yon sè yo nan Sosyete Sekou a.

Charite montre lè enstriktis nan fwaye devwe retounen mwa apre mwa, ane apre ane, vè menm sè sa a ki pa enterese a, ki pafwa menm kritik la. Li montre lè nou sonje yon granmoun vè epi n al chèche l mennen nan aktivite Sosyete Sekou. Yo santi li lè sè ki chita poukont li nan Sosyete Sekou a resevwa envitasyon sa a: “Vini---chita bò kote nou.”

Nan dè santèn tifason, nou tout gen manto charite a. Lavi a pa pafè pou nou youn. Men olye nou youn kritike ak jije lòt, se pou nou gen lanmou pi Kris la pou zanmi vwayajè nou yo nan vwayaj sa a atravè lavi a. Se pou nou rekonèt ke nou chak ap fè pi byen nou kapab pou fè fas ak difikilte n ap

rankontre yo, epi se pou nou efòse nou pou n fè pi byen nou kapab pou ede.

Yo defini charite kòm “fòm lanmou ki pi wo, pi nòb, pi solid la”;¹² “lanmou pi Kris la..... ..; epi nenpòt moun ki genyen l nan dènye jou a, l ap bon pou li.”¹³

“Charite pa janm peri.” Se pou deviz solid Sosyete Sekou sa a, verite san fen sa a, gide nou nan tout sa n ap fè. Se pou li enprime andedan nanm nou epi jwenn ekspresyon li nan tout panse nou ak tout aksyon nou.

Mwen ekspri lanmou mwen pou nou, sè m yo, epi m priye pou benediksyon Papa nou ki nan Syèl la toujou avèk nou. Nan non Jezikri, Amèn

Nòt

1. Matye 7:1.
2. Matye 7:3.
3. Adapte soti nan Mary Bartels, “The Old Fisherman,” *Guideposts*, June 1965, 24-25.
4. Jan 7:24.
5. Mother Teresa, in R. M. Lala, *A Touch of Greatness: Encounters with the Eminent* (2001), x.
6. Jan 15:12.
7. Jak 1:26.
8. 1 Korityen 13:8.
9. Mowoni 7:47.
10. Mowoni 10:21.
11. Horace Mann, *Lectures on Education* (1845), 297.
12. Bible Dictionary, “Charity.”

13. Mowoni 7:47.